



# Kijan Pou Teste Medikaman Ou yo

## Itilize Bann Tès Fentanil yo



1. Mete medikaman w ap teste yo nan yon ti veso ou pat itilize deja.

Plis ou teste nan medikaman ou yo, se plis rezilta yo pral fyab.




2. Ajoute dlo nan medikaman ou yo epi melanje yo.

Pou chak dòz 10 miligram (mg) medikaman, ajoute 1 ti kiyè, ki egal a 5 mililit, dlo.

10 miligram ap ase pou kouvri cheve Abraham Lincoln yo sou yon santim oswa ranpli yon mikwoskoup estanda.


1 ti kiyè ap ka kenbe apeprè menm valè ak yon bouchon yon boutèy kola oswa dlo.



3. Mete bann tès la nan dlo pandan 15 segonn. Pa plonje bann tès la nan dlo pou depase liy ki gen fòm vag yo.



4. Retire bann tès la nan dlo a epi depoze l sou yon sifas ki plat pandan de (2) minit.



5. Li rezilta yo.

**Tès pozitiv:** Si ou pa gen entansyon itilize fentanil, evite itilize medikaman yo. Si w ap itilize li, kòmanse ak yon ti dòz epi ogmante oframezi.



**Tès negatif:** Sonje, pa gen okenn tès ki egzat a 100% epi medikaman ou yo ka toujou gen fentanil ladan yo.



**Tès envalid:** Yon sèl liy sou bò dwat la oswa pa gen okenn liy ki endike ke tès la envalid. Teste medikaman ou yo ankò.



Ou toujou gen risk pou w fè ovèdoz, menm si fentanil pa prezan nan medikaman ou yo. Pran mezi pou diminye risk ou, tankou evite melanje medikaman yo, evite itilize medikaman yo poukont ou epi toujou pran naloxone.



Pou jwenn plis enfòmasyon, eskane kòd QR la oswa vizite [nyc.gov/fentanyl](https://nyc.gov/fentanyl).

**NYC**  
Health